

Admisyon nan Lekòl Segondè NYC 2018-19

Tout sa w bezwen konnen sou pwogram odisyon pou Visual Arts

Rezime Seksyon an

1. Kòman pou Itilize Gid sa a
2. Rezime Pwosesis odisyon pou lekòl presegondè
3. Enskripsyon pou odisyon ak eleman kouran ki nan odisyon
4. Kòman pou prepare w pou Odisyon Art vizyèl
5. Enfòmasyon sou Pwogram lekòl segondè ak odisyon
6. Orè odisyon pèsònèl ou

Seksyon I- Kòman pou Itilize Gid sa a

Gid sa a la pou ede elèv ak fanmi prepare pou pwosesis odisyon an. Nan gid sa a w ap:

- **Enfòmasyon sou art vizyèl.** Kisa pwogram art vizyèl gen ladan? Kisa ou ka atann kòm yon elèv art vizyèl? Gade deskripsyon ki pi ba a pou plis enfòmasyon.
- **Konprann Pwosesis Odisyon an.** Rezime nan paj 2 a pral fè w konnen kisa pou atann nan yon odisyon lekòl segondè.
- **Revize Eleman Kouran Odisyon yo** Lekòl segondè ki patisipe nan eleman kouran odisyon yo pataje menm rekòmandasyon odisyon yo. Gid sa a gen ladan eleman kouran odisyon pou pwogram art vizyèl.
- **Prepare pou odisyon yo.** Enfòmasyon sou eleman odisyon yo ak konsèy pou bay tout sa w kapab pandan odisyon an.
- **Fè yon lis pwogram art vizyèl ki enterese w.** Chèche nan lis sa a yon lis konplè lekòl segondè Vil Nouyòk ki ofri pwogram pou ankouraje talan atistik. Itilize seksyon 6 la pou mete pwogram ki sanble bon pou ou epi kòmanse kreye orè odisyon w pou otòn lan.
- **Kreye orè odisyon w.** Revize enfòmasyon sou odisyon ak orè pou chak pwogram pou planifye pwòp kalandriye odisyon w. Pou chak pwogram, gen yon lis bagay pou prepare pou odisyon an ak sa w ap fè nan odisyon an.

Kisa Art Vizyèl ye?

Art vizyèl se fòm ekspresyon kreyatif ki mennen nan travay atistik ki pou obsèvasyon ak apresyasyon vizyèl. Elèv art vizyèl resevwa trening nan divès medya ak materyèl tankou: penti, desen, gravi, kolaj, eskilti, desen aplike ak de dimansyon ak medya dijital. Kèk lekòl sipòte aplikasyon atr komèsyal tankou ilustrasyon, achitekti, animasyon, desen garfik, konsepsyon lamòd, fotografi oswa lòt bagay. Elèv yo bati yon pòtfolyo atistik epi yo ka gen opòtinite pou fè ekspozisyon pandan kat ane etid yo a.

Seksyon 2- Rezime Pwosesis Odisyon pou Lekòl Segondè

Kèk lekòl segondè fè odisyon

Yon odisyon se yon tip metòd admisyon. Pou yo admèt yo nan kèk pwogram art lekòl segondè, elèv yo dwe montre yo gen kapasite atistik nan yon odisyon. Odisyon se tou yon gwo opòtinite pou elèv yo rankontre ak estaf lekòl la epi poze kesyon sou pwogram yo.

Yo atann pou elèv yo prepare ak pèfòme nan yon odisyon

Sa y ap tann nan odisyon an pral varye dapre pwogram lekòl segondè a. Elèv yo ta dwe revize kritè odisyon lekòl yo pibliye nan anyè lekòl segondè a. Si yon elèv ap fè odisyon pou plizyè pwogram ki konsantre sou menm fòm art la, plizyè eleman odisyon pral menm nan odisyon yo (gade detay pwogram lan nan gid sa a pou jwenn enfòmasyon sou odisyon). Elèv yo ta dwe sonje yo gen dwa pa rive prezante tout bagay yo te prepare pou odisyon an.

Se lekòl segondè yo ki fè odisyon yo

Anjeneral, se responsab ak pwofesè lekòl yo ki fè odisyon yo. Kèk lekòl segondè fè elèv ki nan lekòl la ede akeyi elèv k ap fè odisyon yo ak fanmi yo.

Dat, lè arive ak adrès pou odisyon yo ka varye

Jeneralman, yo fè odisyon yo nan lekòl segondè yo ant oktòb ak janvyè. Gade detay sou pwogram yo nan gid sa a pou konnen orè odisyon yo.

Dire odisyon yo ka varye

Pwosesis odisyon an ka pran 2-3 èdtan oswa plis. Yo ankouraje elèv yo vini avèk yon ti kolasyon lejè ak dlo nan odisyon yo. Fanmi yo pa ta dwe enskri pou odisyon yo nan plizyè lekòl nan menm jou a.

Fanmi yo ka tann elèv yo tou pre a

Souvan, gen yon kote pou paran/responsab tann, piske yo pa otorize rete nan zòn odisyon yo ap fèt la. Paran/Responsab yo ka chwazi ale epi retounen nan bilding lekòl la nenpòt lè. Elèv yo ta dwe kominike ak fanmi yo avan pwosesis odisyon an kòmanse.

Admisyon nan pwogram ki gen odisyon

Pou yo ka konsidere w pou pwogram ki gen odisyon yo, elèv yo dwe mete tou pwogram lan sou Aplikasyon Faz I lekòl segondè yo a. Yo dwe remèt li 3 desanm 2018. Elèv yo ap resevwa rezilta Aplikasyon Faz I an an mas. Elèv ki enterese nan fè odisyon pou Fiorello H. LaGuardia High School ta dwe pale avèk konseye lekòl yo sou kòman pou yo aplike.

Kesyon sou pwosesis odisyon an

Gid sa a ap reponn pifò kesyon w yo sou pwosesis odisyon an. Si w gen kesyon espesifik sou odisyon yon lekòl, li pi bon pou rele oswa voye yon imèl dirèkteman ba lekòl la pou jwenn plis enfòmasyon oswa ale sou sitwèb lekòl la.

Akomodasyon pou odisyon

Elèv ki gen Plan edikasyon Endividyèl (individualized education programs, IEPs), Plan 504 ki apwouve ak elèv k ap aprann lang anglè (English Language Learners, ELL) ka resevwa akomodasyon. Elèv yo ta dwe pale avèk konseye lekòl yo pou fè aranjman pou akomodasyon pou odisyon.

Seksyon 3- Enskripsyon pou Odisyon ak Eleman Kouran ki nan Odisyon

Men kèk vokabilè pi ba a sou pwosesis odisyon an fanmi yo pral bezwen konnen pandan y ap prepare pou odisyon. W ap jwenn tèm sa yo tou nan tablo ki nan seksyon senk gid sa a.

Enskripsyon pou Odisyon

Yo ka egzije elèv yo pou enskri pou odisyon nan sistèm enskripsyon DOE a oswa nan sitwèb lekòl yo. Yo mete detay sou enskripsyon yo nan gid sa a ak nan anyè lekòl segondè a nan paj odisyon lekòl yo. Lè yo enskri, elèv yo kite responsab lekòl yo konnen y ap patisipe nan odisyon an, ak pou ki pwogram y ap fè odisyon.

Pwogram ki gen Eleman Kouran odisyon

Gen kèk gwoup lekòl ki gen pwogram ki ofri eleman kouran odisyon; yo gen yon ikòn★akote non lekòl la nan seksyon senk dokiman sa a. Pwogram sa yo tout pataje menm eleman odisyon. Kidonk, si elèv yo prepare pou yonn, yo gen dwa byen prepare pou odisyon nan yon lòt pwogram k ap patisipe.

Eleman Kouran Odisyon – Pwogram Art Vizyèl

Ou ka jwenn enfòmasyon sa a tou nan paj 24 nan Anyè 2019 lekòl segondè Vil Nouyòk la.

Prepare ak prezante yon pòtfolyo ki gen 8 -15 zèv atistik orijinal ak divès tèm ak itilizasyon medya. Ou ka fotografye twa zèv ak twa-dimasyon epi mete yo nan pòtfolyo a. Reyalize jiska 3 pwojè desen nan odisyon an. Pwojè desen yo ka gen ladan yo: kò moun ak desen apati obsèvasyon oswa imajinasyon. Tcheke sitwèb chak lekòl pou wè egzanp.

Pwogram yo ka gen diferan travay ke yo fè sou plas nan lekòl la, tankou yon entèvyou oswa modèl disasyon si yo mande sa, ki ka afekte fason w prepare. Tanpri li enfòmasyon sou odisyon chak lekòl nan dokiman sa a. Epitou, asire w ale sou sitwèb lekòl la oswa kontakte lekòl la dirèkteman pou konnen detay resan yo.

Seksyon 4- Kòman pou prepare w pou Odisyon Art vizyèl

Lè w ap aplike pou yon pwogram art vizyèl, yo ka mande w pou demontre kapasite w ak angajman w nan kat fason: ak yon pòfolyo travay ou fè, yon tèks ekri tankou disètasyon, yon nouvo travay atistik si yo mande w ak/oswa yon entèvyou.

I. Pòtfolyo a

Yon pòtfolyo se yon koleksyon travay atistik ou epi li enpòtan nan odisyon art vizyèl la. Yon pòtfolyo ki byen òganize montre kapasite w ak potansyèl ou pou travay nan nivo lekòl segondè. Se yon opòtinite pou montre pi bon konsantrasyon w. Konsèy sa yo ap ede w fè yon pòtfolyo solid.

Prezantasyon: Ou ka pwoteje travay ou a epi itilize yon klasè di pou w ka fè bòn enpresyon. Yon prezantasyon pwòp montre ou te pran swen pou fè travay la epi epi ou fyè pou li. Travay ou a ta dwe:

Pwòp, san domaj, epi nan bon kondisyon

San ankdreman ni li pa ta dwe gen yon bòdi mat (tcheke rekòmandasyon odisyon yo sou sitwèb chak lekòl)

Avèk yon etikèt nan do a ki gen:

- Non w
- Non lekòl la
- Tit
- Dat travay la
- Oswa “sou sipèvizyon” oswa “san sipèvizyon”

Kontni: Lè w ap monte pòtfolyo a, pran tan w pou chwazi travay ou santi ki reprezante pi bon akonplisman w. (“Pi piti se pi plis” se yon prensip ekselan!) Konsidere bagay sa yo:

- Chwazi zèv atistik aktyèl la (travay ou fè nan klas 7yèm oswa 8yèm ane).
- Lekòl yo renmen gade kaye desen (sketchbooks)
- Pa mete travay travay ki fèt nan estil atis ki selèb, kopi travay selèb oswa travay ou kopye nan foto
- Pi fò travay yo sipoze fèt apati obsèvasyon men ou ka mete kèk travay ou fè apati imajinasyon oswa memwa
- Ou ta dwe limite desen anime (cartooning) nan yon minimòm

Prepare Odisyon w/Pòtfolyo Art ou

Pyès ou chwazi yo sipoze demontre fason ou konprann konpozisyon ak prensip konsepsyon:

- Inite: Santiman amoni ant tout pati travay la atistik la ki kreye yon sans akonplisman.
- Ekilib: Distribisyon koulè, teksti ak espas pwa pwojè vizyèl la.
- Repetisyon: Repetisyon eleman konsepsyon an kreye inite nan travay atistik la.
- Varyete: Itilizasyon plizyè eleman desen pou kenbe atansyon moun k ap gade a ak pou gide zye moun k ap gade a nan travay atistik la.
- Konsantrasyon: Pati konsepsyon an ki atire zye moun k ap gade a.
- Pwopòsyon: Santiman inite ki kreye lè tout pati yo (dimansyon, montan oswa kantite)gen relasyon yonn ak lòt.

- Rit: Santiman mouvman òganize ki kreye lè yo itilize yonn oswa plizyè eleman konsepsyon plizyè fwa.
- Rapò ant fòm ak fon: Yo wè eleman kòm swa fòm (diferan eleman konsantrasyon) oswa distinct elements of focus) oswa fon (baz oswa platfòm fòm lan repoze a).
- Dimansyon: Dimansyon yon objè parapò ak lòt objè nan yon desen oswa yon travay atistik.

Ou kapab chwazi travay ki fèt sou tèm pou montre ankèt an pwofondè yon ide OSWA ou kapab mete divès sijè pou montre tout sa ki enterese.

Ou ka vle itilize divès medya pou prepare travay atistik (tankou desen, penti, imaj, teknoloji medya, elatriye) pou montre konesans ou avèk diferan zouti, materyèl ak teknik.

2. Eleman Disètasyon an

Kèk lekòl mande elèv pou ekri yon disètasyon oswa reponn yon seri kesyon sou rezon ki fè yo vle vin nan lekòl sa a an patikilye. Yo ka mande w tou pou konpare de travay art. Lekòl yo ap gade kontni tèks ekri w la ansanm ak gramè ak ponktyasyon. Eleman disètasyon odisyon w lan sipoze :

- Byen òganize
- Demontre estrikti fraz, òtograf, ponktyasyon, ak paragraf yo kòrèk
- Reponn kesyon yo

3. Reyalizasyon Nouvo Travay Atistik si yo Mande sa

Anpil lekòl ap mande w pou konplete yonn oswa de pyès art "la menm". Aktivite art ki pi kouran an se desine yon figi oswa yon objè san vi apati obsèvasyon, byenke yo ka mande w tou pou desine yon objè apati memwa. Yo fè travay jeneralman sou yon papye 8.5" x 11". **Ale avèk yon kreyon ak gòm pou desine.** Moun k ap bay egzamen yo pral gade metòd kreyatif ki nan pwojè a.

4. Entèvyou a

Lekòl ka mete entèvyou nan pwosesis admisyon yo. Kesyon entèvyou yo ap varye dapre chak lekòl. Eseye sonje konsèy entèvyou sa yo:

- Prezantasyon ak aparans konte.
- Atitud enpòtan ; souri epi montre ou respekte pwofesè yo ak lòt elèv yo.
- Montre enterè w nan pou Art vizyèl.
- Tande avèk atansyon epi eseye bay respons ki reponn kesyon yo te poze yo dirèkteman. Kesyon ki posib pou yo poze:
 - Poukisa ou chwazi pran yon odisyon pou lekòl sa a ?
 - Kòman w te deside kisa pou w mete nan pòtfolyo w la ?
 - Ki mize oswa galri Art ou vizite tou dènyeman ?
 - Alavni, kòman ou planifye itilize fòmasyon atistik ou resevwa isit la ?

Entèvyou a pral plis sanble ak yon konvèsasyon. Yo ka mande w pale osijè orijin ou, eksperyans ou, konesans ou ak sa ki enterese w nan art vizyèl. Se pral yon konvèsasyon amikal; moun k ap fè entèvyou yo vle w santi w alèz.

Seksyon 5- Enfòmasyon sou Pwogram Lekòl Segondè ak Odision

Pi ba a men yon lis lekòl segondè Vil Nouyòk ki ofri pwogram art vizyèl ki egzije odision, tankou orè odision ak kritè yo. Non lekòl yo konekte ak sitwèb chak lekòl; non pwogram yo konekte ak paj chak lekòl nan NYC School Finder (<http://schoolfinder.nyc.gov>).

Fordham High School for the Arts ★ 500 East Fordham Road 10458	BRONX
Pwogram: Fordham High School for the Arts Paj anyè 95	Kòd: X51A
<p>Sa pou prepare pou odision an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Pwogram sa a itilize eleman kouran odision (gade seksyon 3 an pou detay) ak demand sa yo: <p>Sa w ap fè nan odision an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Prezante pòtfolyo w. Nou aksepte kaye desen kòm desen anplis. <input type="checkbox"/> Odision an gen ladan yon sijè disètasyon. <p>Dat Odision pou 2018-2019: (<i>Enskri pou odision sou sitwèb lekòl nou an</i>)</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Samdi 27 oktòb 2018 a 9am ▪ Samdi 17 novanm 2018 a 9am ▪ Samdi 1ye desanm 2018 a 9am 	
Theater Arts Production Company School (TAPCo) ★ 2225 Webster Avenue 10457	BRONX
Pwogram: Art Vizyèl ak teknoloji Paj anyè 145	Kòd: X20T
<p>Sa pou prepare pou odision an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Pwogram sa a itilize eleman kouran odision (gade seksyon 3 an pou detay) <p>Dat Odision pou 2018-2019: (<i>Enskripsyon pa obligatwa pou odision</i>)</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Samdi 20 oktòb 2018 a 1:00pm ▪ Samdi 27 oktòb 2018 a 1:00pm ▪ Samdi 3 novanm 2018 a 1:00pm ▪ Samdi 1ye desanm 2018 a 1:00pm 	

Abraham Lincoln High School 2800 Ocean Parkway 11235	BROOKLYN
Pwogram: Professional Photography Paj anyè 165	Kòd: K24L
<p>Sa pou prepare pou odision an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Yon pòtfolyo travay elèv la. Pòtfolyo a sipoze genyen dis pyès kote elèv la montre sansiblite vizyèl li (sans imè, konsepsyon, gou, etc.) Pòtfolyo ka desen, penti, ak/oswa fotografi. <input type="checkbox"/> Voye pòtfolyo a ba Mr. Carlos Molina, Direktè pwogram fotografi a, pa imèl (nan adrès imèl lekòl la) oswa nan imèl (CMolina2@schools.nyc.gov) an desanm pou pi ta. <input type="checkbox"/> Tout aplikan dwe remèt yon pòtfolyo; sepandan, si w pa gen yon pòtfolyo pou bay, ou ka vini pandan dat odision an pou kreye pòtfolyo w la. <p>Dat Odision pou 2018-2019: (<i>Enskri pou odision pa imèl: CMolina2@schools.nyc.gov</i>)</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Mèkredi 14 novanm 2018 a 4pm ▪ Samdi 17 novanm 2018 a 9am ▪ Mèkredi 5 desanm 2018 a 4pm ▪ Samdi 8 desanm 2018 a 9am 	

Gid odisyon pou admisyon nan lekòl segondè Vil Nouyòk 2018-19 – Art vizyèl

Brooklyn High School of the Arts ★ 345 Dean Street 11217	BROOKLYN
Pwogram: Art Vizyèl Paj anyè 197	Kòd: K47J
<p>Sa pou prepare pou odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Pwogram sa a itilize eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 an pou detay) <p>Dat Odisyon pou 2018-2019: (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Mèkredi 14 novanm 2018 a 4pm ▪ Samdi 17 novanm 2018 a 9am ▪ Mèkredi 5 desanm 2018 a 4pm ▪ Samdi 8 desanm 2018 a 9 am 	
Dr. Susan S. McKinney Secondary School of the Arts 101 Park Avenue 11205	BROOKLYN
Pwogram: Art Vizyèl Paj anyè 220	Kòd: K42A
<p>Sa pou prepare pou odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Kreye yon pòtfolyo ki gen 10 a 20 pyès travay orijinal ki gen ladan l nati mòt, vizaj imen ak yon desen imajinatif. <p>Sa w ap fè nan odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Elèv yo dwe kapab diskite pòtfolyo yo, enterè atistik yo ak domèn etid yo. Elèv yo dwe yon tès desen anpèsòn. <p>Dat Odisyon pou 2018-2019: (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Mèkredi 14 novanm 2018 a 3:00pm ▪ Vandredi 16 novanm 2018 a 3:00pm ▪ Samdi 17 novanm 2018 a 10am ▪ Madi 27 novanm 2018 a 3:00pm ▪ Vandredi 30 novanm 2018 a 3:00pm 	
Edward R. Murrow High School ★ 1600 Avenue L 11230	BROOKLYN
Pwogram: Fine and Visual Arts Paj anyè 227	Kòd: K57K
<p>Sa pou prepare pou odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Pwogram sa a itilize eleman kouran odisyon (gade seksyon an pou detay)3 <p>Dat Odisyon pou 2018-2019: (Enskri pou odisyon nan men konseye lekòl ou a)</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Siyati A-F, Samdi 17 novanm 2018 a 9am ▪ Siyati G-L, Samdi 17 novanm 2018 a 1pm ▪ Siyati M-S, Dimanch 2 desanm 2018 a 9am ▪ Siyati T-Z, Dimanch 2 desanm 2018 a 1pm 	

Art and Design High School ★ 231-249 East 56th Street 10019	MANHATTAN
Pwogram: Architectural Design Paj anyè 333	Kòd: M60N
<p>Sa pou prepare pou odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Pwogram sa a itilize eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 an pou detay) ak demand sa yo: <input type="checkbox"/> Pòtfolyo ki gen 8-12 zèv atistik orijinal elèv la kreye apati sa li wè ak pwòp imajinasyon li ak yon varyete matyè ak itilizasyon medya. <input type="checkbox"/> Mete nan pòtfolyo a egzanp desen an liy ansanm avèk etid detay figi ak fòm jewometrik. <input type="checkbox"/> Ou sipoze mete tou yon desen katye kote w rete a ak yon plan chanm ou ak apatman w. Ou ka fè foto pyès ak 3 dimansyon. <p>Sa w ap fè nan odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Y ap mande w pou desine apati sa w wè ak sa ki nan memwa w. <p>Dat Odisyon pou 2018-2019: (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Siyati A-L, Samdi 1ye desanm 2018 a 9am ▪ Ratrapaj, Siyati A-L, Dimanch 2 desanm 2018 a 9am ▪ Siyati M-Z, Samdi 15 desanm 2018 a 9am ▪ Ratrapaj, Siyati M-Z, Dimanch 16 desanm 2018 a 9am 	
Pwogram: Art ak Desen komèsyal Paj anyè 333	Kòd: M60P
<p>Sa pou prepare pou odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Pwogram sa a itilize eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 an pou detay) <p>Dat Odisyon pou 2018-2019: (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Gade dat odisyon ki pi wo a pou pwogram desen achitekti a. 	
Fiorello H. LaGuardia High School of Music & Art and Performing Arts ★ 100 Amsterdam Avenue 10023	MANHATTAN
Pwogram: Boza Paj anyè 353	PA GEN KÒD
<p>Sa pou prepare pou odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Pwogram sa a itilize eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 an pou detay) ak demand sa yo: <p>Sa w ap fè nan odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Y ap bay aplikan yo twa pwojè desen pou yo fè, pa egzanp desen figi yon moun y ap gade, desen yon nati mòt <i>still life</i> apati memwa, epi fè yon desen an koulè apati imajinasyon. Lekòl la ap bay aplikan yo tout materyèl pou fè desen lè y ap fè odisyon an. <p><i>Fiorello H. LaGuardia High School of Music & Art and Performing Arts se yon lekòl segondè espesyalize. Enskri nan men konseye w la.</i></p>	
Gramercy Arts High School ★ 40 Irving Place 10003	MANHATTAN
Pwogram: Boza ak Art Vizyèl Paj anyè 363	Kòd: M66A
<p>Sa pou prepare pou odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Pwogram sa a itilize eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 an pou detay) <p>Dat Odisyon pou 2018-2019: (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Samdi 17 novanm 2018 a 9am ▪ Jedi 29 novanm 2018 a 3:30pm ▪ Mèkredi 5 desanm 2018 a 3:30pm ▪ Mèkredi 12 desanm 2018 a 3:30pm 	

The High School of Fashion Industries ★ 225 West 24th Street 10011	MANHATTAN
Pwogram: Ilistrasyon atistik ak Desen Grafik Paj anyè 383	Kòd: M68J
<p>Sa w ap fè nan odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Pwogram sa a itilize eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 an pou detay) ak demand sa yo: <input type="checkbox"/> Tout elèv k ap aplike nan High School of Fashion Industries oblije fè odisyon pou lekòl la sou entènèt nan www.fashionhighschool.net oswa anpèsòn. <input type="checkbox"/> Soumèt pòtfolyo w la swa sou entènèt nan sit wèb lekòl la (www.fashionhighschool.net) oswa pèsònèlman nan yonn nan dat odisyon yo site yo. <input type="checkbox"/> Fè yon egzamen admisyon. <p>Dat Odisyon pou 2018-2019: (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Vandredi 7 desanm 2018 a 4pm ▪ Vandredi 14 desanm 2018 a 4pm ▪ Vandredi 4 janvyè 2019 a 4pm <p><i>Pou konnen kondisyon odisyon yo oswa si w gen kesyon ale sou www.fashionhighschool.net oswa rele nan 212-255-1235.</i></p>	
Pwogram: Kreyasyon mòd ak Domèn ki gen rapò ak Lamòd Paj anyè 383	Kòd: M68L
<p>Sa pou prepare pou odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Prepare yon pòtfolyo ki gen senk ilistrasyon mòd orijinal. <p>Sa w ap fè nan odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Tout elèv k ap aplike nan High School of Fashion Industries oblije fè odisyon pou lekòl la sou entènèt nan www.fashionhighschool.net oswa anpèsòn. <input type="checkbox"/> Soumèt pòtfolyo w la swa sou entènèt nan sit wèb lekòl la (www.fashionhighschool.net) oswa pèsònèlman nan yonn nan dat odisyon yo site yo. <input type="checkbox"/> Fè yon egzamen admisyon. <p>Dat Odisyon pou 2018-2019: (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Gade dat odisyon ki pi wo a pou pwogram <i>Ilistrasyon Art ak Desen Grafik</i>. <p><i>Pou konnen kondisyon odisyon yo oswa si w gen kesyon ale sou www.fashionhighschool.net oswa rele nan 212-255-1235.</i></p>	
Pwogram: Marketing Antrepriz ak and Machandaj Vizyèl Paj anyè 383	Kòd: M68M
<p>Sa pou prepare pou odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Soumèt yon disètasyon ki gen 200 mo ki dekri yon kote prefere w pou pou fè acha ak yon piblisite vizyèl pou magazen sa a. <p>Sa w ap fè nan odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Tout elèv k ap aplike nan High School of Fashion Industries oblije fè odisyon pou lekòl la sou entènèt nan www.fashionhighschool.net oswa anpèsòn. <input type="checkbox"/> Soumèt pòtfolyo w la swa sou entènèt nan sit wèb lekòl la (www.fashionhighschool.net) oswa pèsònèlman nan yonn nan dat odisyon yo site yo. <input type="checkbox"/> Fè yon egzamen admisyon. <p>Dat Odisyon pou 2018-2019: (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Gade dat odisyon ki pi wo a pou pwogram <i>Ilistrasyon Art ak Desen Grafik</i>. <p><i>Pou konnen kondisyon odisyon yo oswa si w gen kesyon ale sou www.fashionhighschool.net oswa rele nan 212-255-1235.</i></p>	

Wadleigh Secondary School for the Performing & Visual Arts ★ 215 West 114th St. 10026	MANHATTAN
Pwogram: Art Vizyèl Paj anyè 456	Kòd: M26J
<p>Sa pou prepare pou odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Pwogram sa a itilize eleman kouran odisyon(gade seksyon 3 an pou detay) ak demand sa yo: <p>Sa w ap fè nan odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Prezante yon pòtfolyo ki gen 5 a 8 pyès travay atistik orijinal ki gen ladan omwen de kwoki. <p>Dat Odisyon pou 2018-2019: (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Jedi 8 novanm 2018 a 4:30pm ▪ Samdi 10 novanm 2018 a 11:30am ▪ Jedi 15 novanm 2018 a 4:30pm ▪ Samdi 17 novanm 2018 a 11:30am ▪ Jedi 29 novanm 2018 a 4:30pm ▪ Vandredi 30 novanm 2018 a 4:30pm ▪ Samdi 1ye desanm 2018 a 11:30am 	

Bayside High School 32-24 Corporal Kennedy Street, Bayside 11361	QUEENS
Pwogram: Art ak Desen Dijital Paj anyè 479	Kòd: Q12A
<p>Sa pou prepare pou odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Prepare yon pòtfolyo pou pota nan odisyon an. <p>Sa w ap fè nan odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Y ap fè entèvyou ak tout elèv. <input type="checkbox"/> Elèv yo gen pou konplete yon desen yon objè ki p ap bouje <i>still drawing</i> ak yon egzèsis design. <p>Dat Odisyon pou 2018-2019: (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Samdi 15 desanm 2018 a 9am ▪ Samdi 5 janvyè 2019 a 9am 	

Frank Sinatra School of the Arts High School 35-12 35th Avenue, Astoria 11106	QUEENS
Pwogram: Boza Paj anyè 504	Kòd: Q40J
<p>Sa pou prepare pou odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Yon pòtfolyo ki genyen 10 a 15 pyès travay elèv la kreye dapre sa l obsève epi dapre pwòp imajinasyon l; avèk divès matyè ak fason li itilize medya, pa egzanp liy, valè ak koulè. Travay elèv la pa sipoze ankadre epi li pa bezwen pran tan pou egalize tout pwent yo. Yo ka montre travay 3 dimansyon nan foto. <p>Sa w ap fè nan odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Prezante pòtfolyo w. <input type="checkbox"/> Desine apati obsèvasyon ak memwa avèk yon kreyon. <p>Dat Odisyon pou 2018-2019: (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Queens; Siyati A-M, Samdi 3 novanm 2018 a 7:30am ▪ Queens; Siyati N-Z, Dimanch 4 novanm 2018 a 7:30am ▪ Tout vil la; Siyati A-M, Samdi 17 novanm 2018 a 7:30am ▪ Tout vil la; Siyati N-Z, Dimanch 18 novanm 2018 a 7:30am ▪ Ratrapaj, Samdi 1ye desanm 2018 a 7:30am ▪ Ratrapaj, Dimanch 2 desanm 2018 a 7:30am 	

Gid odisyon pou admisyon nan lekòl segondè Vil Nouyòk 2018-19 – Art vizyèl

Newtown High School 48-01 90th Street, Elmhurst 11373	QUEENS
Pwogram: Major Art Paj anyè 542	Kòd: Q34K
<p>Sa pou prepare pou odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Prepare yon pòtfolyo ki gen 8 a 10 pyès travay original (yo pa aksepte cartoons). <p>Sa w ap fè nan odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Ap gen yon egzamen kote elèv ap gen pou fè desen yon objè lavi reyèl ak sis desen yo imajine. <p>Dat Odisyon pou 2018-2019: (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Madi 6 novanm 2018 a 9am ▪ Mèkredi 7 novanm 2018 a 2pm ▪ Jedi 8 novanm 2018 a 2pm ▪ Vandredi 9 novanm 2018 a 2pm ▪ Madi 13 novanm 2018 a 2pm 	
Queens Technical High School 37-02 47th Avenue, Long Island City 11101	QUEENS
Pwogram: Art Grafik Paj anyè 557	Kòd: Q68B
<p>Sa pou prepare pou odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Konatkte lekòl la pou jwenn plis enfòmasyon epi li seksyon sou admisyon nan pwogram lan sou sitwèb nou an pou jwenn yon deskripsyon konplè odisyon an. <p>Sa w ap fè nan odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Elèv yo gen pou konplete desen yon objè ki p ap bouje <i>still drawing</i> ak yon desen ki reprezante yon reklam pou yon <i>design</i>. <input type="checkbox"/> Y ap fè entèvyou ak tout elèv epi pòtfolyo pa obligatwa men yo rekòmande l anpil. <p>Dat Odisyon pou 2018-2019: (Enskri pou odisyon sou sitwèb lekòl nou an)</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Samdi 15 desanm 2018 a 9am 	
Susan E. Wagner High School 1200 Manor Road, 10314	STATEN ISLAND
Pwogram: Art Vizyèl Paj anyè 601	Kòd: R17H
<p>Sa w ap fè nan odisyon an:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Elèv pwogram Art yo dwe prezante yon pòtfolyo aktyèl ki gen kondisyon yo ke ou ka jwenn sou sitwèb Wagner la: www.wagnerhigh.net. <p>Dat Odisyon pou 2018-2019: (Enskri pou odisyon nan men konseye lekòl ou a)</p> <ul style="list-style-type: none"> ▪ Jedi 3 janvyè 2019 a 2:45pm ▪ Madi 8 janvyè 2019 a 2:45pm ▪ Mèkredi 9 janvyè 2019 a 2:45pm 	

Seksyon 6- Orè Odisyon Pèsonèl ou

Kreye orè odisyon pèsonèl ou lè w mete pwogram lekòl segondè ki enterese w, ekri dat/lè odisyon an ak tcheke si enskripsyon obligatwa.

Pwogram/Lekòl Odisyon m:	Dat/Lè Odisyon:	Enskripsyon Obligatwa?
1. _____	_____	<input type="checkbox"/>
2. _____	_____	<input type="checkbox"/>
3. _____	_____	<input type="checkbox"/>
4. _____	_____	<input type="checkbox"/>
5. _____	_____	<input type="checkbox"/>
6. _____	_____	<input type="checkbox"/>
7. _____	_____	<input type="checkbox"/>
8. _____	_____	<input type="checkbox"/>
9. _____	_____	<input type="checkbox"/>
10. _____	_____	<input type="checkbox"/>
11. _____	_____	<input type="checkbox"/>
12. _____	_____	<input type="checkbox"/>
13. _____	_____	<input type="checkbox"/>
14. _____	_____	<input type="checkbox"/>
15. _____	_____	<input type="checkbox"/>
16. _____	_____	<input type="checkbox"/>
17. _____	_____	<input type="checkbox"/>
18. _____	_____	<input type="checkbox"/>
19. _____	_____	<input type="checkbox"/>
20. _____	_____	<input type="checkbox"/>